Накъыгъэм и 1-р Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЭРЭ КЪУДОКI

№83 (22.741) • 2014 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 30, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къудокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыным куэд зэрыхащIыхьам папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр яфIэщын «Къэрал музыкэ театр» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм и балетым и артисткэхэу

Хьэкъул Анжеликэ Мухьэмэд и пхъум

Грицай Наталье Юрий и пхъум.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м
№93-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыным куэд зэрыхащIыхьам папщIэ

цIэ лъапIэхэр яфIэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэр

Мысост Вадик Хьэжмурат и къуэм - «Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм и актерым

Бичиев Хьэждаут Мажмудин и къуэм - «Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театр» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм и актерым

Килессо Наталье Алексей и пхъум - «Къэрал музыкэ театр» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм и уэрэджыIабIуэм

Шал ФатIимэ Николай и пхъум - «Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм и актрисэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр

Конин Анатолий Василий и къуэм - «Урысейм и Художникэм я союз» Урысейпсо творческэ жылагъуэ зэгухьныгъэм хэтым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр

Жылэ Мурат Жэмалдин и къуэм - Шэрэдж муниципальнэ районым щIыIэ «Жэмтхьэлэ къуажэ жылагъуэм гъуазджэхэмкIэ и сабий школ» сабийхэм гъуазджэхэмкIэ щIэныгъэ щIагъэгъуэт школ» сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн егъэгъуэтыныкIэ муниципальнэ кIэзонэ хореографие еджапIэм и егъэджакIуэм

Гузиев ТIэхьир Магомед и къуэм - Лэскэн муниципальнэ районым щыщ Ташлы-Тала къуажэ жылагъуэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и унафэщIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м
№94-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къаухьа ехъулIэныгъэхэмрэ ильэс куэд зыуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщIэ

цIэ лъапIэхэр яфIэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Лыджыдэ Мухьэмэд Хъусен и къуэм - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и химие факультетым и деканым

Малкандуев Юсуф Ахъмэт и къуэм - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и химие факультетым органическэ химиемрэ высокомолекулярнэ соединенэхэмкIэ и кафедрэм и профессорым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Гъубжокъуэ Алий Алабуцэ и къуэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ»

Нагорная Наталье Владимир и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Прохладнэ муниципальнэ щIыналъэм щIыIэ «Пролетарскэ кIуажэм дэт курыт еджапIэ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ Iуэхущ1апIэм урысибзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Локъаев Юрий Хьэмид и къуэм - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм щIыIэ «Сабий-ныбжьыщIэ спорт школ» сабийхэм щIэныгъэ хэха щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIэ

Умеренков Михаил Алексей и къуэм - Прохладнэ муниципальнэ щIыналъэм щIыIэ «Колос» сабий-ныбжьыщIэ спорт школ» сабийхэм щIэныгъэ хэха щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ Iуэхущ1апIэм атлетикэ псынщIэмкIэ и гъэсакIуэ-егъэджакIуэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр»

Мамбэт Iэмырбий Кэт и къуэм - «Къалэ клиникэ сымаджэщ №91» узыншагъэр хьумэныкIэ муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и ревматологие къудамэм и унафэщIэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист»

Чуякъуэ Юрий Аслъэнджэрий и къуэм - «Къэрал музыкэ театр» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм и балетым и артистым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий.

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№99-УГ

● Дыгъуасэ

ЩытыкIэм зихъуэжын папщIэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий республикэм и хьэрычатыщIэхэмрэ жылагъуэ организацэхэм я лIыкIуэхэмрэ Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щаIущIащ.

АБЫ ХЭТАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Унафэщ1 **Чеченов Ануар**, премьер-министр **Храмов Константин**, министрхэмрэ ирагъэблагъэ къулыкъущIэхэмрэ.

Зэхьыхьэр къыщызэIуихым КIуэкIуэ Юрий кьыхигъэщащ бизнесым и зэфIэкIым куэд дыдэ зэрелъытар, республикэм и экономикэм зиужьын папщIэ, абы и мыхьэнэр лъэщу къэIэтын, хьэрычатыщIэ Iуэхум хуэфащэ лъабжьэ кьыхуэзгъэпэщын зэрыхуейр.

- Къэгъэлъэгъуапхъэщ абы и лъэныкъуэкIэ къалэныкъуэ къызэрыпэщытыр. Сыту жыпIэмэ, бизнесым и зэфIэкIыр нэгъэсауэ кьытхуэгъэзэбэныркым. Республикэм и экономикэм и новэрей щытыкIэм тетущIыхьмэ, иджыри куэдым дыхуэнэсакъым, щыщIэныгъэхэри ди мащIэкъым. Къэтщтэнщ гъэ кIуар. Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностым къыщIигъэкIым и индексыр нэгъабэ процент 90,2-м нэскIэ ехащ. А бжыгъэр Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я деж щынэхъ мащIэ дыдэщ. Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ инвестицэхэмкIи щытыкIэр нэхъ щIагъуэкъым - 82-нэ уиныIэм дыщытщ. Абыхьэм, нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэми кьыхэкIыу республикэ бюджетыр тхуэгъэзащIэркъым. Нэгъабэ бюджетым хэхъуэу кьыIэрыхьар зытращIыхьам и процент 93-рщ, хэщIэхэмкIэ и Iыхьэм дызэрыпэльэщар процент 85-кIэщ. Социальнэ Iэнатlэхэми щытыкIэр щынэхъыфIкъым - цIыку мин 200-м щIиГъуэм лэжьыгъэ хэха яIэкъым. Ар зи къару илъыгъуэ республикэм исым я процент 39-рэ мэхъу. Улахуэр зэрымащIэм кьыхэкIыу нэгъуэщI щIыпIэхэм макIуэ. 2005 - 2013 гъэхэм кьриубыдэу цIыху мин 45-м щIиГъу Къэбэрдей-Балъкъэрым икIащ, - къигъэльэгъуащ КIуэкIуэ Юрий.

Абы къыхилъхьэри, зэIущIэм щызэпкъраращ щытыкIэм зегъэхъуэжыным, бизнесым зегъэужьыным, экономикэм и лъабжьэр зыгъэбыдэну Iуэхугъуэхэр уфыхуным теухуауэ къэув къыдэнхэр. Хьэрычэтыщ1эхэмрэ жылагъуэ организацэхэм я лIыкIуэхэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр къаIуэтэн и пэ къихуэу, экономикэ зыужьынымкIэ министр Мусуков Аслан къыдэлIэу зэфIэгъэкIа хъуахэм зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

«Зи лъахэр зыбгына»

● Лъэпкъ Iуэху

статусыр уиIэмэ, ООН-р сэбэп хъуфынущ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Iуэхущ1апIэм дыгъуасэ зэIущIэ щекIуэкIащ. ДАХ-м хэтхэмрэ Сирием къикIыжауэ КъБР-м щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэмрэ Iуащ1ащ ООН-м и Комиссар Нэхъыщхьэм зи лъахэр зыбгынахэм я Iуэхуэхэмкlэ и къулыкъущIапIэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм щыIэ Вак-Войя Баисэрэ хабзэм ехьэлIа Iуэхуэхэмкlэ чэнджэщэгъу Салеев Иванрэ.

ХЬЭЩIЭХЭМ фIэхъус псалъэкIэ захуигъазэри, щэрджэсхэм я щыIэкIэ-псэукIэр, ахэр хэрал куэдым икъухьа щIэхъуам и щхьэусыгъуэр, нобэ зыгъэгъазэр кIэщIу ягуригъэIуащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, ДАХ-м и Гъэзэщ1аKIуэ гупым хэт **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**. Сирием къикIыжауэ ди республикэм щыпсэухэм нобэкIэ я Iуэху зыIутым, санаторэм щIэсхэм, унагъуэу ягъэтIысыжахэм, бэджэнду дэтэр къэзыщтахэм я дэфтэрхэр зэгъэпэщэныкIэ щыIэ гугъуехьхэр, Урысейм хуиту щыпсэун папщIэ зыхуэныкъуэхэр зэпкърыхауэ яжриIащ ДАХ-м и Гъэзэщ1акIуэ гупым хэт **Бырсекъуэ Орфан**.

Iуэхур зытетыр къызыгурагъэIуа Вак-Войя Баисэ къыгъэщащ Сирием иджыпсту зауэ зэрыщекIуэкIым икъ иткIэ, СХЬР-м къикIыу дэнэ къэрал Iэпхъуахэми «зи лъахэр зыбгына» статусыр иратын зэрыхуейр. Абы къыхэкIкIэ, Урысейм кьихьа дэтхэнэри пIалъэкIэ щыпсэуну хуит ещI, ауэ абы щхьэкIэ УФМС-м укIуэу дэфтэр къеIыпхын хуейщ.

- Апхуэдэ дэфтэр зиIэ дэтхэнэ зыми мылъку, юридическэ Iуэху, псэукIэ я лъэныкъуэкIэ ООН-р дэIэпыкъуну хуитыныгъэ иIэщ, - жиIащ къулыкъущIэм. - СХЬР-м къикIауэ Урысейм и кьалэ зэхуэмыдэхэм щыпсэухэм я Iуэху зытетыр зэдгъэщIащ. Иджы ди жэрдэмкIэ дыкъэкIуащ адыгэхэр нэхъыбэу къыздэкIуэжа хэгъуэгум фызэрыщыпсэур зэдгъэльагъуну. Хуабжьу гуапэщ фи къуэпсэр шхынкIэ, щыгъынкIэ, мылъкукIэ дэIэпыкъуэгъу мыхуэхъуу фыкъызэрырагъэблагъэжар, унэ къыфхуащэхуну зэрамурадыр. Ауэ зи гугъу тщIы статусыр фимыIэмэ, дэ зыкIи дывдэIэпыкъуфынукъым. СызэреплъымкIэ, Урысейм пIалъэкIэ фыщыпсэуну фыхуиту «зи лъахэр зыбгына» статусыр къыдэфхмэ, абы фи гугъуехь куэд фицхьэщихынущ. А статусыр дэтхэнэми ират, къэралым дежкIэ мыхъумыщIагъэ гуэр зэрикIуэ щымытмэ. Фи Хэкум фыкъызэрыкIуэжар фызэригурыфIыгъуэр, фи нэхъыжьхэр мыбы икIауэ щыщыткIэ, Урысейр фи адэжь щIыналъэу къызэрыфщыхъур си дежкIэ гурыIуэгъуэщ, ауэ юрист хуэдэу вжысIэ, ар хабзэ и лъэныкъуэкIэ зыкIи сэбэп къызэрыфхуэмыхъур. Фэ фызытетын хуейр къэрал хабзэм къиГъэув пщалъэхэрщ.

Сирием къикIыжа ди лъэпкъгъуэхэм я упщIэхэм жэуап ираташ Вак-Войя Баисэрэ Салеев Иванрэ.

Абы иужькIэ хьэщIэхэр Iуащ1ащ УФМС-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и Iэтащхьэ Лъэншэ МуIэед.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Мамырыгъэрэ зэIуэпэщыгъэрэ фиIэну!

Профсоюзхэм хэтхэу пщIэ зыхуэтщIхэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэ!

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэми сэри кьыдбгъэдэкIыу Накъыгъэм и 1 маху щыпсэухэм я сыныбохъуэхъу!

Профсоюзхэм ягъэлъапIэ мы махуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я зэкъуэтыныгъэм и махуэм, дэ дыIуощI: «Лэжьапlэ Iэнатlэфlрэ абы хуэфащэн лэжьащIэрэ!» кьыхуедэжыныгъэм щIэту, Лэжьакъуэм и щхьэ игъэпсэужьфыныр, зигъэпсэужыныр, и унагъэр ипIыжьфыныр - а псори къехъулIэным я лъабжьэ быдэу кьыдохьытэ дэ улахуэ тэмэм щIыхуэ и ныдэр. Ар Iэмал имыIэу дэтхэнэми кьыхуэзгъэпэщыпхъэу къагъэув профсоюзхэм. Псом япэрауэ, лэжьащIэр экономикэм зэрызижьыным и нэщэнэу, щIыхуэм я хэхъуэ нэхъыщхьэу кьэлъытатхъэщ. Сыту жыIэмэ, лэжьакIуэ щIыхуэм и хэхъуэрщ абы и хэщIэкри зэлъытыжар, аращ езыр къэрал кIуэцIым щIэупщIэ щызиIэхэр къэзыгъэлъагъуэр, экономикэм кьыхалъхьну инвестицэхэр зыхуэдэнур зыубзыхур.

Апхуэдэу псоми сыныбвэхъуэхъуну сыхуейщ ди профсоюзхэм я текIуэныгъэмкIэ. Къэрал Думэм кьыщтащ лэжьакIуэхэр бэджэнду къэщтэнырэ зымыдэ хабзэр. ЗыкIи сытемышыныхьу схуэмыIэнущ, ипэжыпIэкIэ цIыхухэр зыгъэпщылIу кьэпльытэ хэчуэ хабзэр зэракъутэжар. А хабзэр къызэращтам къэралым и щыпсэухэм хьэкъ ящиIащ апхуэдэу цIыхур бгъэлэжьныр Урысейм зэрыщыпхъмыкIынур. Дэ ар Накъыгъэм и 1-м щыхубзм хуащIа тыпкъу кьыдолъытэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюз зэгуэхьэныгъэхэм хэт дэтхэнэми дызэрыщIыгъур жыдоIэ. Шэч кьытебмыхьэ, лэжьыгъэмкIэ фиIэ уитыныгъэхэм я хъумакIуэу щытщ зэгуэхьэныгъэ лъэщыр.

Профсоюзхэм нобэ кьалэныщхьэхэр кьапэщытщ икIи дэ дызыщIэбэныкIи. Дэ ди кьалэн нэхъыщхьэр зытещIыхьар мыращ: лэжьакIуэр тхъэмыщкIэу щытын хуейкъым. ИкIи а бэнэныгъэм дэ дыщытекIуэнщ!

Мамырыгъэрэ зэIуэпэщыгъэрэ фиIэну! МахуэшхуэмкIэ сныныбохъуэхъу!

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и Унафэщ1
АМЩЫКЪУЭ ФатIимэт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр щIэ зыхуэсщIхэ! Си гуапэу сныныбохъуэхъу Гуащ1эрыпсэухэм я дунейпсо зэкъуэтыныгъэм и махуэ накъыгъэм и 1-мкIэ.

ЛIЭЩIЫГЪУЭМ щIигъу япэкIэ къежьами, гъащIэ тэмэм, пэжыгъэ, захуагъэ зэтегъэуэвэным хуэунэтIауэ гуащIэрыпсэухэм ирагъэкIуэкI бэнэныгъэм и дамыгъэу щыт а махуэр мы зэманми нэхъ Iэтауэ ягъэльапIэ гуфIэгъуэхэм ящыщщ.

Узыншагъэ, насып, мамырыгъэ,ефIэкIуэныгъэ, къэкIуэн дахэ фиIэну, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту къэралым я фIыгъэр гъэбэгъуэныжмкIэ екъулIэныгъэщIэхэр къэфхыну сныныбохъуэхъу!

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат БЫФ Анатолий

* * *

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр щIэ зыхуэсщIхэ!

КIПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и комитетыр кьыныбохъуэхъу Гуащ1эрыпсэухэм я дунейпсо зэкъуэтыныгъэм и махуэмкIэ!

Накъыгъэм и 1-р лэжьэн зыфIэфI икIи лэжьакIэ зыщIэ, зи егугъуныгъэрэ щIэнтIэпс хьэлэлкIэ псэу цIыхухэм я хуитныгъэхэр яхъумэжьын папщIэ щызэкъуэувэ махуэщ, псоми зэхахьу лэжьакIуэ цIыхум мамырыгъэм, социализмэм, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм щIэбэныным къарууэ иIэр хуиунэтIыну зэрыхьэзырыр псоми зэхахьу щыжиIэ махуэщ.

А гъатхэ махуэ хьэлэмэтым гугъапIэ инхэр кьытхуэдрехь, ЩIым захуагъэмрэ пэжымрэ щытепщэу зэрыщытынымкIэ диIэ фIэщхъуныгъэр иregъэбыдэ!

Мамырыгъэ,ефIэкIуэныгъэ, узыншагъэ фиIэну! Нобэрей гъащIэ тэмэмымрэ къэкIуэну зэман нэхъыфIымрэ щIэбэныныжмкIэ екъулIэныгъэщIэхэр къэфхыну!

КIПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и комитетым и япэ секретарь ПАЩЦТЫ Борис.

★★★★★

Щіэныгъэр ипэкІэ ягъэкІуатэ

КъБКъУ-м иджыблагъэ щекІуэкІащ зэІущІэ щхьэпэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ УФ-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Огородовэ Людмилэ, ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ пэрытхэм я зэфІэкІыр къыщащІэ департаментым и унафэщІ Шишкановэ Инессэ, УФ-м и ВАК-м и унафэщІ Филиппов Владимир, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іыр и къаэнхэр зыгъэзащІэ Бечтокъуй Владимир, Кавказ Ищхьэрэм щы Іэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэмрэ диссертацэ советхэм я унафэщІхэмрэ.

ЗЭУЩІЭМ къыщаІэта Іуэхугъуэхэм яущыщ щІэныгъэрылажьэхэм я аттестацэмрэ диссертацэ советхэмрэ ди зэманым яІэ щытыкІэмрэ абы хальхьэну зэхъуэкІыныгъэхэмрэ. Огородовэм зэрыжиІамкІэ, УФ-м и Президент Путин Владимир министерствэм и пщэ дилъхьауэ диссертацэ советхэм я лэжьыгъэр къащыгтэ. Мы зэманым 650-м я лэжьыгъэр къыдэтрагъэувыІащ, абыхэм я Іуэхум ныкъуанытхэхэр хэлъу къыщэрахутам къыжьІэу. «Абы къикІыркъым а советхэр зэхъущІыпэну, абыхэм я къэхъугъэр ирагъэфІэкІуэн хуейуэ аращ», - жиІащ Огородовэм.

Кавказ Ищхьэрэм еджапІэ нэхъыщхьэу щыІэм аспирантурэ ІуэхуэхэмкІэ я рейтингым къыздэригъэлъэгъуамкІэ, КъБКъУ-р ящэ увыпІэм щытщ. Диссертацэ щыпхагъэкІэхэр нэхъыбэу зэхъэлІар юридическэ, экономикэ, филологие щІэныгъэхэращ.

Филиппов Владимир къыхигъэщащ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щыпхагъэкІ зэгуэныгъэхэр зэрагъэщІар къэрал щІэныгъэр нэхъри къэІэтыныжмкІэ сэбэп зэрыхъунур. Абыхэм ирагъэкІуэкІа мониторингым къызэриэлъэгъуамкІэ, Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэр къащІтэмэ, иужьрей зэманым щІэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыбэ зытраухуэр унэтІыныгъэхэм ящыщІу экономикэмрэ педагогикэмрэ. Филипповым зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм зегъэхъуэжьпхъэщ: мы щІыналъэм нэхъыбэу зыщегъэжьын хуейщ биологием, фармацевтикэм, медицинэм, химием. ЩІэныгъэ къэхутэныгъэ щІагъуэ зыхэмылъ кандидат, доктор лэжьыгъэхэр щыпхагъэкІ советэращ нобэкІэ къызэтрагъэувыІащ, ахэр дилэжьэ щыІанэмыщІэныр зэлъытар министерствэм къахуигъэув къаэнхэм пэлъэщу я лэжьыгъэр зэрызэтраублажьэфырщ. ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм я диссертацэ советхэм я лІыкІуэхэр нэхъыбэу зыгъэпЕйтей упщІэхэми жэуап кратащ хьэщІэхэм.

ЗэІущІэм и кІэуэху КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий къыщыжьІащ. Хуабэр махуэм гуфІэгъуэ хэлъ щІэныгъэр зэрыщІэнур, - жиІащ Огородовэм.

●ЗэІущІэхэр

УФ-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Огородовэ Людмилэ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 30, *бэрэжьей*

♦УФ-м и мафІэсгъэнкІыфІхэм я махуэщ

♦1789 гъэм США-м и япэ президентыр хахащ. Ар Вашингтон Джорджт.

♦1945 гъэм Егоров Михаилрэ Кантарие Мелитонрэ сыхьэт 14-рэ дакьикьэ 35-м ТекІуэныгъэм и Бэракъ плъыжьыр Берлин и Рейхстагым фІадзащ.

♦1945 гъэм Гитлер (и унэцІэ дыдэр Шикльгрубер) Адольф зиужьыжащ.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Дзау Руслан** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и и профессор **Щоджэнцыкіу Нинэ** къыщыдэхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщІатыкІ. Хуабэр махуэм градус 14 - 19, жэщым градуси 10 - 12 щыхьунущ.

Накъыгъэм и 1, *махуэку*

♦ГЪАТХЭМРЭ ЛЭЖЬЫГЪЭМРЭ Я МАХУЭШХУЭ

♦1929 гъэм Малэ-Къэбэрдей псыщІэгъэльадэр яутыпащ.

♦1941 гъэм Налшык сабий стадион къыщызэІуахащ.

♦Къэрал лэжьакІуэ, КъБР-м и Правительствэм и Іэтащхьэ 1969 - 1984 гъэхэм щыта **Къущхьэ КІыщыкъуэ** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Урыс Мухьэзир** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Социологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор ЩІДААА-м и академик, АР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Афэщыжь Тыркубий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦АР-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Гъуэгуанокъуэ Мухьэрбий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, Адыгэ Республикэм и Президенту щыта **Щуэмэн Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦«Къэббалъкъутирст» ОАО-м и генеральнэ директор, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къалэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Нэхуц Заурбий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакІуэ **Жыкъуэ Гъумар** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Адыгэ тхакІуэ **Емкъуж Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщІатыкІ. Хуабэр махуэм градус 16 - 20, жэщым градуси 10 - 14 щыхьунущ.

Накъыгъэм и *2, мэрем*

♦1920 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым яп щэбэт щІыхьэху щекІуэкІащ.

♦1934 гъэм Налшык Пионерхэм я унэ къыщызэІуахащ.

♦1945 гъэм СССР-м и Дзэ Плъыжьым Берлин къищтащ.

♦Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал лэжьакІуэ **Шыбзыхъуэ Іэмырбий** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Урыс Хьэталий** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦«Ленин гъэугу» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **Тlажь Пётр** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Льостэн Владимир** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мекъул Джэбрэил** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, УФ-м и Къэзыбж палатэм и яп унафэщІу щыта, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор **Къэрмокъуэ Хьэчим** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщІатыкІ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градус 11 - 13 щыхьунущ.

Накъыгъэм и 3, *щэбэт*

♦Печатым и хуитыныгъэм и дунейпсо махуэщ.

♦1862 гъэм Даль Владимир и псалъалъэ щІэрыІуэр утыку къыщырихьауэ щытащ бэзэщІэныгъэлхэм я зэгухьэныгъэм и зэІущІэм.

♦1939 гъэм СССР-м къыщызэрагъэпэщащ Композиторхэм я зэгухьэныгъэр.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщІатыкІ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градус 11 - 12 щыхьунущ.

Накъыгъэм и 4, *тхьэмахуэ*

♦1959 гъэм Налшык газ къашэу щІадзащ.

♦2010 гъэм УФ-м и Президентым и УказкІэ Налшык «Дзэ щыхьым и къалэ» цІэ лъапІэр къысІащащ.

♦Абазэ тхакІуэ, КъШР-м и цІыхьэ усакІуэ **ЧыкІэтІу Микаэль** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхьэ сурэтыщІ, Урысейм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Шемякин (Къардэн) Михаил** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, УФ-м щІыхь зиІэ и экономист **Щаужь Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщІатыкІ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 10 - 13 щыхьунущ.

Накъыгъэм и 5, *блыщхьэ*

♦Европэм и махуэщ.

♦1836 гъэм Европэм щыяпэ дыдэу Бельгием гъущІ гъэугу щаутІыпащ.

♦1945 гъэм нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм я бийуэ Прагэ зыкъыщІэтащ ІэщэкІэ зэщІэуэзда цІыхухэм.

♦1945 гъэм Советыдзэхэм Даниемрэ Нидерландхэмрэ хуит къащІыжащ.

1949 гъэм Лондон Іэ щытрадзащ Европэм и Советым и уэтаиф.

♦Адыгей усакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Пэрэныкъуэ Мурат** къызэралъхурэ илъэсыр 102-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарыу илъэс куэдкІэ лэжьа, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Апажэ Назир** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къардэн Іэбубэ** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, АР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Апышэ Абрэдж** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ дохутыр **Бахъсэн Хьэмэдэ** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор **Нэхущ Владимир** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, ЩІДАА-м и академик, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Адыгейм и цІыхубэ сурэтыщІ Пэтlуащ Феликс и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Лыс Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къалмыкъ Кларэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Хьэмыку Жаннэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр **Мысост Вадим** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщІатыкІ. Хуабэр махуэм градус 19 - 23, жэщым градус 12 - 17 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи гъунэгъу и фэ къыптоуэ.

●ЩІалэгъуалэ зэхъхьэ

Муслъымэным и фарз нэхъыщхьэм, щІэблэм я къэкІуэнум ятеухуауэ

Мэлыжьыхьым и 17-м Кавказ Ищхьэрэм ис муслъымэн щІалэгъуалэм я зэхъхьэ Налшык щекІуэкІащ. Кавказ Ищхьэрэ Ислъам университетымрэ КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин Іуэхущ Іапі эмрэ къызэрагъэпэща зэІущІэр лъэпкъ, дин зэпэщІэувэныгъэ къэмыгъэхъунымкІэ щІалэгъуалэм зэрадэлэжьапхъэм хуэгъэпсауэ щытащ. Абы хэтащ Дунейпсо ислъам миссием и унафэщІ Пщыхьэщіэ Шэфихь, Кавказ Ищхьэрэм ис муслъымэнхэм я Іуэхуэр зыгубзыкІ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Бердиев Исмэхьил, Кавказ Ищхьэрэ хэгъэуагум ит республикэхэм я муслъымэн Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщІхэр, абыхэм ящыщ щІалэгъуалэр, КъБР-м Печатымрэ щІыхуфэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ и къуэдзэ Гергоков Джамболэт, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и министрым и къуэдзэ Геккиев СулътІан сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЗЭУЩІЭР къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Муслъымэнхэм я Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым и къуэдзэ **Сыжажэ Алим.**

- ГъащІэ зылъэгъуа нэхъыщхьэм ди къалэнщ нэхъыщІэхэр гъуэгу пэжым, гъуэгу захуэм тедгъэувэну, дэ зэдгъэгъуэта щІэныгъэр абыхэм ябгъэдэтлъхьэну, - жиІащ ящэу псалъэ зрата, КъБР-м и Муслъымэнхэм я Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ **Дзасэжь Хьэзрэтали**. - Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ныбжьыщІэ куэд тІэщІокІ, ар ялъагъу пэтрэ, я гур къыхэмыщтыкІыу я Іэр зэтедзауэ щысыр нэхъыбэжщ. Гъуэгу нэпІым траша, фадэмрэ наркотикымрэ ятхьэкъуа щІалэгъуалэм, щІэпхъаджагъэм зи гур етахэм ди къару псори етхьэлІэу Іуэху мыщхьэпэхэм пэІэщІэ зэрытщІыным дыхущІэкъуу, ди щІэблэр гъуэгу пэжым ди фарщ. Ди сэбэпынагъыр щІым тедгъэшэн, ар къыхэныкъуэм ялъэдгъэІэсын хуейщ. Нобэрей зэІущІэм щыжаІэнуэ, мы пэщым щІэсхэм къищынэмыщІауэ, нэгъуэщІ куэдми ялъэІэсыну, я сэбэп екІыну сыщогугъ.

Гергоков Джамболэт къыщыпсалъэм жиІащ дунейм къыщыхъу мыхъумыщІагъэхэр ди щхьэпэ зэрыльэІэсар, дин зэпэщІэувэныгъэхэм къашэ гуэввгъуэр зэрыабрагъуэр. Абы къыхиутэщащ мы зэманым ди республикэм лъэпкъыу исым я бжыгъэр 100-м зэрыщІигъур икІи я нэхъыбэр муслъымэнрэ чристэну зэрыщытыр.

- Дин зэпэщІэувэныгъэр псом япэу къыщежьэр щІалэгъуалэм я дежщ. Абы ипкъ иткІэ, псэкупсэ гъэсэныгъэ ди щІэблэм яхэтлъхьэныр нобэкІэ къалэн пэрытхэм ящыщщ. Диным жылагъуэ гъащІэм щиІэ пщІэмрэ дзыхьымрэ инщ, абы къыхэкІыу, хуэфащэ гулъытэ хуэщІынхъущ. Нобэрей зэІущІэм и фІыгъэкІэ щІалэгъуалэм дызэрепсэлъэн, дыззэрыдэлэжьэн лъэмыжь тхутелъхьэну сыщоугугъ, - жиІащ Гергоковым.

Бердиев Исмэхьил жиІащ: - Дэ, нэхъыжьхэм, ДыкъэзыгъэщІам пщэрыльэ тщиІащ нэхъыщІэхэм, зи къэухьыр мащІэхэм, зещІэдгъэкъуэну, абыхэм гъуэгугъэльагъуэ дахуэхъуну. Мэрем махуэ къэс мэжджытым къыщызэхуэсхэр щІэпсэум, зэрыпсэум и мыхьэнэр къагурыдгъэІуэну, цІыхум и гур фІым хуэпабгъуэ псэуным къыхуедджэну ди къалэнщ. Алыхьым псэ зыхилъхьа псори фІым хуэпсэуну къыгъэщІащ. Хьэрэм ящІу жэнэтым ирахуа Іиблис Алыхьым хуэдэ ельэІуащ цІыху къэс езым щыщ Іыхьэ къыдалъхуну. Абы и лъэІур Алыхьым зэхихащи, дэтхэнэми Іиблис щыщ тхэльщ, ар тщІыгъущ. Ди Щхьэщыгу Итым къытхуигъэхьа КъурІэным Іиблис зытедмыгъэкІуэну щыжьІащ. Я нэм нэщІпхъуэ Іулъу псэуэр, Алыхьым и псалъэм щымыгъуазэхэр, къэгъазэ ямыІэу, щхьэзыфІэфІщ. Дэ ди къалэныр фІымрэ Іеймрэ зэхэхауэ щІалэгъуалэм ябгъэдэтлъхьэныращ. ЦІыхуэхэм хуиту дыщепсэлъэн утыку диІэкъым, ди жьэ зыхуэзэр мэжджытым къекІуалІэхэращ, ауэ абыхэм я гугъэ динымкІэ гъэзащи, дэ жетІэнухэм щыгъуазэщ. ЦІыхухэр щызэпэщІэувэм, псалъэ фІей къащыжьдэкІым и деж шейтІаным къызэриГъащІэр къызыгурыІуэр мащІэщ. Удын къэзыдзам зыпэщІумысэжу, зыбгъазэрэ уІукІыжмэ, уи жагъуэгъу псоми уатекІуащ, акъыкІэ уефІэкІащи. Мэрем махуэмрэ узышащъэм укъыщитІугузавэм и дежрэкъым уи гуэныхьхэм ущегупсысыпхъэр, муслъымэныгъэр сыт щыгъуи пхэльын хуейщ.

Кавказ Ищхьэрэм и муслъымэнхэм я Іуэхур зыубзыху Іуэхущ Іапі эм къыбгъэдэкІыу диным хуэлажьэ, ар ди цІыхуэхэм зыхащІэнымкІэ къалэнныщхьэ зыгъэзащІэу къалъыта Дзасэжь Хьэзрэтали, Сыжажэ Алим, Шыбзыхъуэ Мурат, Аккурак Сэлим сымэ зэІущІэм орденхэр щратащ.

Щэщэн Республикэм ис муслъымэнхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Мирзаев СулътІан** зэІущІэм къыщыщІэсалъэм жиІащ щІалэгъуалэм я Іуэхум зэрыдунейуэ зэригъэгъзавэр. Абы ныжьыщІэхэм захуигъазэри елъэІуащ, диныр зыгъгъуу къалъытэ псоми жаІэр я фІэщ ямыщІыну, диным ехьэлІа тхьылъ псори дурысу къамыщтэну.

- Диныр я тегъэщ Іапі эу щІэпхъаджагъэ зылэжьыну мурад зиІэхэр зэран мэхъу. Абыхэм муслъымэн нэсхэм я зэхуаку зэгурымыІуэныгъэ, гурыщхъуэ далъхъэ. КъурІэным зэритымкІэ, муслъымэнитІ зэпэуврэ зэзауэмэ, зыукІари яукІари жыхьэнмэм кІуэнущ. Муслъымэн нэсыр нэгъуэщІ муслъымэным, лажьэ зимыІэ цІыхум зэран хуэхъунукъым. ЩІалэгъуалэр ди деж чэнджэщакІуэ къэкІуэным девмыгъажьэу, нэхъыжьхэр ныбжьыщІэхэм дахэвгъэхъэ, чэнджэщ едгъэгъэт. НэгъуэщІ зыми ди щІалэгъуалэм гу лъэгъэтэну сыхуейт: жьакІэ бгъэкІ къудейкІэ муслъымэн ухъунукъым, жьакІэкІэ напэ фІейр щІэзыхъумэ куэд щыІэщ, гуи ильращ псори зэлъытыжар, - жиІащ Мирзаевым.

АдэкІэ псалъэ ираташ Ингушым и муслъымэнхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Хамхоев Иса**. Абы и гугъу ищІащ щІалэгъуалэр гъуэгу нэпІым тезыщэхэм я Іуэхуэхэр къызэпыдыным. ХэкІыпІэхэм ящыщ зыуэ Хамхоевым къыхилъхьащ хабзэмэ динми ебакъуэ ныбжьыщІэм и унафэр къызыхэкІа лъэпкъым егъэщІыжьын хуейуэ. Лъэпкъхэм я нэхъыжьхэр зэхуэсрэ щІэблэм епсалъэу, абыхэм гъуэгу нэпІым тет яхэтмэ, щхьэхуэу ядэлажьэу, гъуэгу захуэм теувэжьын зымыдэхэр лъэпкъми унагъуэми хъэрэм ящІу къызэрекІуэкІым сэбэпымрашхъуэ къызэриштэр жиІащ къэпсэлъэм.

Геккиев СулътІан къыхигъэщащ ди щІалэгъуалэм я зыужьыныгъэм сэбэп хуэхъун псалъэмакъ щхьэпэ къаІэтауэ къызэрильытэр. Адыгэ, Осетие Ищхьэрэ-Алание, Къалмыкъ республикэхэм, Ставрополь крайм щыпсэу муслъымэнхэм я Іуэхуэщ Іапі эхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІ куэди къыщыпсэльащ зэІущІэм. Псалъэмакъ къаІэтам хуаІэ бгъэдыхьэкІэр абыхэми къагъэнэІущ.

ХЬЭШЫР Иринэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Фысакъ, зыфхъумэж!

Республикэм щыпсэухэмрэ ди хьэщІэхэмрэ фыкъыхуоджэ дызыхъужІуэ гуфІэгъуэ махуэхэм фысакъыну, цІыху куэд щызэхьхьэ щІыпІэхэм набдзэгубзапльэу фыщыщытыну.

ШЫНАГЪУЭ къыфтемыхьэн папщІэ мы къыкІэлъыкІуэ хабзэхэр зыщымыгъэгъупщэ:

- здащымыльпхъэхэм щыль хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэм фрихьэлІамэ, фемыІуэ, абыхэм ящэгъунэгъуу жып телефоныр къызэрыщымыгъэсэбэпныи фыхуущІэкъу. Шэч фэзыгъэщІа хьэпшыпым теухуауэ зыхуэфащэ къулыкъущІапІэхэм хъыбар евгъащІэ;

- зи гугъу тщІы хьэпшыпхэм хуэдэхэм фарихьэлІамэ, ахэр зищІысыр зэхэвгъэкІыну фыхэмыт, апхуэдэ хьэпшыпу къыпщыхъуар щІэпхъаджащІэхэм ягъэтІылъа лагъыму къыщІэкІынкІэ хъунущ. ЦІыху куэд зэрыкІуэдыкІынкІэ хъуну лагъымхэр щагъэтІылъкІэ, ахэр къызэрыгуэкІ хьэпшып зэкІуэцІылъ, сабийхэр зэриджэгу Іэмэпсымэ хуэдэу къащІыхъун папщІэ пакет зэмылІэужьыгъуэхэм ираль хъэ.

Террористхэм щІэпхъаджагъэ ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым, цІыху щхьэхуэхэм хабзэм къемызэгъыу Іэщэ зэрызэрахьэм, лагъымхэр зэралэм фыщыгъуазэмэ, икІэщІыпІэкІэ хабзэхъуэмэ органхэм хъыбар евгъащІэну дыныволъэІу.

Фэ къывбгъэдэкІ сыт хуэдэ хъыбарри икІэщІыпІэкІэ къапщытэнущ икІи цІыхухэм шынагъуэ къатемыхьэн папщІэ зыхуэфащэ псори ялэжьынущ. КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым хэлъщІыІу ищІынукъым хъыбар къыдэзыгъэщІа цІыхухэм я щІэунэщІэхэр.

ПащІэгъуэкІэ хъыбар зэвгъащІэ хъунухэр:

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым - **48-15-48;**

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм - **48-15-81;**

КъБР-м щыІэ МВД-м - **40-49-10, 49-50-62;**

УФ-м Следствэмкіэ и комитетым Следствэмкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм - **77-64-22;**

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм - **39-99-99.**

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.

● Накъыгъэм и 3-р Печатым и хуитыныгъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

Ар псоми ди зэхуэдэ къалэнщ

Я щхьэ и унафэ ящІыжу Африкэм щыІэ газетхэмрэ журналхэмрэ я лэжьакІуэхэм накъыгъэм и 3-м къызэдащта «Вундухскэ декларацэм» дунейм къыралъгуэу тетым я правительствэхэм прессэм и хуитыныгъэр яхъумэну къыхуеджэ. Апхуэдэуи, ЮНЕСКО-м и Генеральнэ конференцым 1991 гъэм къыщащта резолюцэр щыхьэт техъуащ печатым и хуитыныгъэр демократием къыгуэхыпІэ имыІэу зэрепхам.

ПЕЧАТЫМ и хуитыныгъэм и махуэм дунейпсо зэгухьэныгъэм илъэс къэс ягъэ кьегъэкІыж уи псалъэ, гупсысэ хуиту къэпІуэтэнщ цІыхум и хуитыныгъэр хъумэныкІэ декларацэм и лъабжьэу зэрыщытыр. Дэ псоми а хуитыныгъэхэр тхъумэн хуейщ, сыт щыхьэкІэ жыпІэмэ, ар демократием и зы Іыхьэщ, абы къишынэмыщІауэ, абыхэм дунейм цІыхуу тетым я гъащІэм увыпІэшхуэ щауфыд.

Илъэс къэс печатым и хуитыныгъэр хъумэным и махуэм традзэ ООН-м и Секретарь Нэхъыщхьэм зэрызахуигъазэ псалъэ. Печатым и хуитыныгъэр хъумэным зи гуащІэ хэзыльхьахэм иратыж 1986 гъэм игъуэ нэмысу дунейм екьжа Канэ Гильермо и цІэкІэ КОНЕСКО-м игъэува дунейпсо саугъэтыр зыхуагъэфащащэхэм, я къалэн ягъэзащІэу зэкІуэда журналистхэр ягу къагъэкІыж. КъищынэмыщІауэ, журналистхэм я шынагъуэншагъэр нэхъыфІу зыкъызэрызэгъэпэщыпхъэм зэрыдунейуэ гулъытэ хуратегъущІ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Накъыгъэм и 1-м транспортыр зэрызекІуэнур

Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэщхуэм теухуа гуфІэгъуэ пэкІу зэрырагъэхъэпэсэхунум къыхэкІыу а махуэм транспортыр зэрызекІуэнум зэхъуэкІынигъэ зыбжанэ халъхьэ.

ЖЫЛАГЪУЭ транспортым нэмыщІ адрей транспорт лІэужьыгъуэ псори Налшык ЩоджэнцІыкІум и уэрамыр Балъкъэр уэрамымрэ Тэрчокъуэм и уэрамымрэ щызэпаупщІ щІыпІэхэм къриубыдэу сыхьэти 8-м щегъэжьауэ 21-м нэсыкъ, Лениным и уэрамыр Толстоим и цІэр зезыхьэ уэрамымрэ Нэгуэмэ и цІэр зезыхьэ уэрамымрэ щызэпаупщІхэм къриубыдэу сыхьэт 8-м щегъэжьауэ 11-м нэсыкъ щызекІуэну хуит ящІыркъым.

Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 14-м нэсыкъ транспорт лІэужьыгъуэ псори, абыхэм жылагъуэ транспортри яхэту, Лениным и уэрамым щызэрагъэкІуэнукъым ар Къэрэщэйм и уэрамымрэ Кулиевым и уэрамымрэ щызэпаупщІхэм къриубыдэу.

ПщэдджэкІыжым сыхьэтыр 11-м щегъэжьауэ гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр зэфІэкІыху Мэлбахъуэм и уэрамым щызекІуэ транспорт лІэужьыгъуэ псори, абыхэм жылагъуэ транспортри яхэту щагъэмэщІэнущ Хмельницкэм и уэрамым къыщегъэжьауэ Тырныауз уэрамым нэсыху. Зы лъэныкъуэмкІэ фІэкІа транспортыр ирикІуэну зыхуимыт щІыпІэ щхьэхуэм зэман пыухыкІакІэ лъэныкъуитІымкІи къыщакІухьын хуэит хъунущ.

Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Ди Хэкужь дыкъекIуэлIэжауэ тлъагъуныр ди хъуэпсапIэщ

Мазэ кIуам и кIэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэIущIэ екIуэкIам къебгъэгъа АЫщхьэхэм ящ Иорданым щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ, Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и сенатор Къардэн Самир. Гъатхэпэм и 15-м илъэс 80 иркъуа тхьэмадэм иджыри сы гуфIэгъуэ и унагъуэ къихъуащ: дадэм и махуэ льапIэм ирихьэIуэ дунейм къытехьащ фIы защIэкIэ дыхьэхъуэхъу Самир и къуэрылъху пщащэ цIыкIу Хаердэнхэ Данэ.

Иордан щIыналъэм ис адыгэхэм я щыIэкIэ-псэукIэр, Хасэшхуэм и зэфIэкIыр, адыгэ Iуэхур зэрыщытыпхъэмрэ зэрыщытыпхъэмрэ - а псоми ятеухуауэ Самир кьыхэрыдэгъуэшахэр.

Гухуабагъэкlэ дабгъэдыхьэныр ди нетщ

- ПСОРИ зи ужь дитыр адыгэр ипэкIэ зэрыкIуэтэныгъэ зэрызнужьынымрэщ. Иджы Дунейпсо Хасэм илъэс блэкIам хуэфIэкIамрэ зыхунэмысамрэ зэхэдгъэкIыну ди мураду Налшык дыкъэкIуащ. Сыт и пщэ дэлъар хасащхьэм? Зыхуагъэувыжа кьалэнхэр зэфIаха? ЯмыщIэфаи щыIэ? Сыт абы и цIхьэусыгъуэр? Лъэпощхьэпохэм дэ дыхэзэгъэфыну, дэIэпыкъуэгъу дыхъуфыну?

Нобэкlэ нэхъ дызыгъэгумэщIыр Сирием щыщ ди лъэпкъгъуэгъэ зыхэхуа гуэввэгъуэрщ. МыбыкIэ щыIэхэрами, Иорданым нэкIуаэхэрами, дэнэкIэ хэпхьа хъуами, абыхэм я Iуэху зетхуэныгъэ зэкIэ дгъэпсыхьапIэ. Моуэ ди гурылъхэр зэхэтлъхьэу гу хуабагъэкIэ дабгъэдыхьэу абыхэм зыгуэр яхуэтщIэфарэт жыIэу, дызэхуэсауэ аращ.

- Илъэс дапщэ хъуа ФIыщIэ Хасэм уэритхъэмадэрэ?

- Илъэсийкlэ зэкlэлъхьэужу ди ФIыщIэ Хасэм сринэхьыжьащ. Иджы сызэрытеувэжар зэпIлъхьэжмэ, псори зэхэту илъэс пщыкIупIл мэхъу.

2013 гъэм и кIэхэм хэхыныгъэ диIа къудейщ. Дэ куэду дызоныкъуэхъу хасащхьэ щыдухуэжкIэ. Гупищ дыкъэуващ, дэтхэнэ зы гупри нэрыбгэ пщыкIутху дыхъуу. Сыт щхьакIэ жыпIэмэ, Хасэр зезыхьэр нэхъыкъымрэ абы и упчэм щIэт цIыху пщыкIупIымрэщ. Арати, пщыкIутху-пщыкIутхуурэ дызэпеуащ, нэрыбгэ щхьэхуэу, гуп ямыгъуэу цIыхуитI хэтащ. Нэрыбгэ тIощIитIрэ блырэ утыку дихьати, макъым я нэхъыбэр сэ къэсхьащ, си гупым щыщу пщыкIузыр пхъыкIащ.

- Гупым хэтыныхэм папщIи пхъэидзэ ящIыжу ара?

- Псори щхьэхуэу. Си гупым сэ сахэту нэрыбгэ пщыкIуэ дыкъикIащ. Гупхэм языхэзым щыщу щы хахащ, и закъуэу ихьахэм ящыщу - зы. ЦIыху пщыкIутху иджы долажьэ я сранэхьыжьу.

Сенатор сыхъуну си пщIыхьэпIи къыхэхуакъым

- Сенатор узэрыхъуамкIэ дыдохъуэхъуну Iэмал диIакъым...

- Сенатору сыхъахьну сигу кьэкIыххакъым. Налшык сыщыIэу, пщыхьэщхьэм телефонкIэ къэпсэлъахэщ: дынохъуэхъу, сенатор ухъуащ, жаIэри. Ди деж сенаторыр кьыхэзыхыр пащтыхьращ. Езым и щхьэкIэ нэрыбгэ тIощIищрэ пщыкIутхурэ кьыхех хэгъуэгъуэ зэрахьэну. Ауэ иджы фIэкIа къэхъуакъым адыгэу сенаторищ зэуэ ягъакIуэу. Куэду ди гуапэ хъуащ икIи си щхьэкIи згъэщIэгъуащ. Пащтыхьым хэгъуэгум щылажьэхэр нэгъэсауэ ецIыху.

- УкъыцIыхуи хуэдэу дэна ущыIэжьыр абы и пэкIэ?

- Еджэн щIадухъуэ, электрокомпаниеи сыуви, илъэс тIощитI хуэдизкIэ тхьэмадэм и кьалэныр схьащ. А сыщылажьэщIыпIэми профсоюзым и тхьэмадэу сыхахри, илъэсиплкIэ сылэжьауэ, Иорданым и профсоюзхэм я унафэщI сащIащ, а кьалэнри илъэсищIкIэ згъэзэщIащ. Ди спорт хасэм, футбол сыджэгурти, и нэхъыжьыгъэри къысIэрыхьэри, илъэсихкIэ схьащ, итIанэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм илъэсихкIэ секретару сыщылэжьащ. КъищынэмыщIауэ, Иорданым стIолыщхьэ теннис Iуэху зехьэпIэм илъэсиплкIэ и тхьэмадэу, IэкIэ топ джэгухэм апхуэдизу аныдэкIэ... 1990 гъэм дытIысыжьынщ щыжьитIэм, Хасэм къикIри гуп къэкIуащ, «Иджы адыгэм ухуэлэжьэнущ» жаIэри. Пхъэидзэ нэужьым сытеуварэ, илъэсиIкIэ абы сытетащ. ИужькIэ илъэсипщIкIэ сакъыхэкIуэлIакъым. ИлъэсипщI нэужьым арэущ ди къуэшхэр къакIуэу къыумыгъэзэжу хъунукъым щыжаIэм, 2010 гъэм Хасэм лэжьэн щыщIэзэдэжащ. Ипэрей илъэсищIкIуащ. Сенатор сыщыхъум, Хасэр къэгъанэ къызжаIащ, ауэ утыку исша гупу сымыгъэпэжу дауэ хъунт?

- Сыт сенаторым и къаэлэныр?

- Дэ ди парламентыр гупитI мэхъу: нэрабхэмрэ сенаторхэмрэ. Нэрабхэр фэ депутат жыхуэфIэхэращ, ар цIыхухэм бжыхьэ 150-м нос, сенаторхэр - 75-рэ мэхъу. Сенаторым и фIагъ хуэдиокI цIыхухэм. Ущылажьэ щIыпIэмкIэ къару нэхъ къует. Пащтыхьращ Иорданым нэхъыщхьэр. Абы иужькIэ къакIуэ унафэщIхэр сенаторхэращ. «Пащтыхьым и нэ» - араш сенаторхэм зэреджэр. Ахэр пащтыхьым къыхех. Хэгъуэгур зыхуэныкъуэр, нэхъ дахэу, нэхъ мамыру цIыхухэр зэрыпсэуныр - ахэр абыхэм я пщэм къыдохуэ.

Къэралым и Iуэху зезыхьэ премьер-министрымрэ министрхэмрэ унафэ ящIхэр парламентым ирахьэлIэ, депутатхэм я деж. Ахэр хопльэри, итIанэ ди деж къраГъэхь. Дигу ирихьэ - бльдогъэкI. Дигу иримыхьрэ - дигу ирихьын хьидольхьэ. Зыгуэр дигу иримыхьыну хэль - хьдогъэкI. Дэ дыхэмыплъауэ, дэ дымыарэзыуэ хабзэ къащтэркъым. Мыр хъунущ жытIэмэ, пащтыхьым Iэ тредэз. ИужькIэ премьер-министрым деж ирагъэхьыж ягъэзэщIэн хуейуэ.

- Псалъэм папщIэ, нобэ лэжьакIуэ укIуащ, сыт пщIэну кьыцIтехуэр?

- Сенатор 75-м ящыщ зыгуэрым зыгуэр игу къэкIмэ, мы хэгъуэгум мыпхуэдэу хуэтщIащэрэт жиIэу, утыку кьрелъхьэри, псори догупсыс, хъуну щытмэ, дощI. Кьыхэзыльхьам жиIам хьдогъахьуэ е хьдогъащI. Е ар зэрегупсысам нэмыщI, нэхъыфIу, нэхъ дахэу зэрыхъунум иужь дохьэ. Дэ Iэ щIэдмыдзауэ пащтыхьым зы унафи ищIыркъым. Дэ япэ кьыдэкIуэлIэн хуейщ, пащтыхьым дричэнджэщгъэущи.

- Адрей сенатору хаха адыгэхэр хэт сымэ?

- ЕтIуанэр ШэрбокъуэхэМ ужырщ, ар ипэкIэ парламентым хэтащ, сенаторуи министруи дэжьащ. Ещанэу къагъэлъэгъуар Хьэбжокъуэ Сэхьид ипхъу Джаннеттщ. Абы хуэфащэ дыдэт сенаторыну, арщхьэкIэ «апхуэдэ къаэныи сыпэлъэщынукъым, кьыхсхуэвгъэгъу» жиIэри, тхылъ кьитхащ, сымаджэт, гукъыдэмыжти. Арати, сэ нэрыбгищым я щIэ пащтыхьым Iуэху дэзышIэ и къуэдзэмрэ премьер-министрымрэ яIэщIэслъхьащ, адыгэм и пIэм адыгэщ иувэн хуейр жысIэри. КъыздаIыгъащ. Иджы ДыгъужьхэР ящхьу Кэримэт сенатору къыздолажьэ.

Шэрджэс фIэкIа къыумыгъэблагъэ

- Гъэ кIуам пащтыхьыр щыдгъэхьэщIащ ди Хасэм. КъыщыкIуэну щыхьэщхьэм и Iуэхуэзехьэр телефонкIэ кьыхэзгъэ телефонкIэ къыхэпсэлъащ, тхьэмадэм адыгэ фIэкIа кьыумыгъэблагъэ, кьыбжеIэжжиIэри. Сыт сщIэнт, премьер-министрми дэзм и тхьэмадэми жащым сыхьэтыр щыкIуэзым сепсэлъажхэри, загъакъэзырэ-хэу «ФыкъэмыкIуэ, пащтыхьым адыгэ фIэкIа къеммыгъэблагъэ кьыджиIащ» яжеСащ.

Иорданым пащтыхь иIэ зэрыхьурэ, и бынунагъуэр псори здиIэу зыщIыпIи кIуакъым, дыдей фIэкIа. И хьыджэбз цIыкIуитIри, и щIалэ цIыкIуитIри, и щхьэгъэсэри къакIуэгъэри, сихьэтитIрэ ныкъуэкIэ кьыгъэсащ. СынэкIуэнущ, адыгэжэм сывбгъэдэсынущ, адыгэ шхын сшхынущ жиIэри хэзыбар кьыдигъэщIати, шыпсти, пIастэти, хьэлывэти, лъэкъуми яхуэтщIащ. Хасэм къекIуэлIаХэм сэлам ярихьу, епсалъэу, IэпIэ яришэкIыу кьыцIэхиIухьащ. Пащтыхьым Iуэху есыхьэлIэну хуейхэм жеIащ: адыгэм апхуэдэ хабзэ иIэкъым, щхьэхуэу пащтыхьым ежалIэу. ЛъэIу зиIэм, дэ кьытIэрывгъэхьи, зэттыпхъэм еттынщ. ЕдгъэщIыхьун зэрыкIуэгъум исхэм адыгэм и ныдэм и хабзэмрэ зыхуэдэр, адрейхэм дакъыздэрыщхьэщкIыр. Ар ятхащ газетхэми, зы нэрыбгэми зы тхылъымпIэ кIапэ пащтыхьым хуиныжкъым жаIэри.

Пащтыхьымрэ и щхьэгъусэмрэ тыгъэ яхуэдгъэхьэзырат: гуащэм пащIэ бзылъхугъэ фащэ, тхьэмадэми зыгуэр. Ауэ и сабийхэр кьыздишэну къыщыщIэкIым, тыгъэ хьэзыр диIэтэкъым, дыкъэгуэващ. Зыгуэрым кьамэ иIэти, кьихьащ. НэгъэущI зыгуэр жащ ныкъуэм кьэдгъэтэджыжри, ар дахэу зыдэльи кьамалъэ едгъэщIащ, абдж тельу. Нэху щыхукIэ дгъэлэжащ. Хьыджэбз цIыкIум еттынт дымыгъуэтри, зыгуэрым кьыхилъхьащ: «Сэ къупщхь гуащэ Къэбэрдейм кьисхауэ сиIэщ, фащэ щыгъыу, батарей иплъхьэмэ, зекIуэу, уэрэдэхэр жиIэу». Сэри апхуэдэ зэи сльэгъуатэкъым, гъэщIэгъуэнщ. Батарейхэри дэтлъхьэри, а цIыкIум ар хуэтшиящ, тхъэжащ, адыгэ уэрэдхэр жиIэу гуащэ щильагъум.

«Уи махуэ фIыуэ, дадэ!»

- Си щхьэгъусэр Сирием щыщщ, Шухэ япхъущ, и цIэр Лэманщ. БынипIаI диIэщ. Хьыджэбз нэхъыжьым и цIэр Сириищ, ар фармацевт IэщIагъэмкIэ докторщ, щIалищ иIэщ, иджы пенсэм кIуащ. Ди деж IэнсэкI ныбжьым ильэситку чэму укIуэну ухуитщ. Си щIалэ нэхъыжьыр кхъухьлатэ дэзм хэтащ. Иджы кьыхэкIыжати, завод кьызэIуихащ, фIищари «Налшыкщ», хамэ хэгъуэгухэм сату зэрыщащIэнум толажьэ. Абыи щIалищиIэщ. КхъухьлатитI кьэрал щIыбым, щы-догъэлажьэ. ЩIалэ курытым и цIэр Нартщ. И щIалэ цIыкIуи и цIэр Мухьэмэдщ, илъэситку мэхъу. ТхьэмахуитI и пэкIэ хьыджэбз цIыкIу кьахэхъуащ.

Мухьэмэд адыгэ школым щIэсщ. Пщыхьэщхьэ гуэрым къэкIуэж, сэ газет седжэу сыщысу. «Уи махуэ фIыуэ, дадэ», - жиIэри, кьызбгъадыхьащ. СигъэгуфIащ, IэплIэ есшэкIащ. «Уи махуэ фIыуэ щхьэ жыпIа» жызоIэ, щхьэ «Фи махуэ фIыуэ» жумыIэрэ? «Хъунукъым, дадэ. Нанэ къыббгъэдэстэмэ, «Фи махуэ фIыуэ!» жысIэнут, ауэ, уи закъуэтэ, «Уи махуэ фIыуэ» жысIащ». СигъэгуфIащ. Ильэситху фIэкIа зи мыныбжь цIыкIум дэгъуэу бэзр къыIуралъхьэ апхуэдэу. Ауэ, дигу кьызгъеуэнщи, нэхъыбэр бзэм унагъуэхэм щрипсэлъэжкъым. Сабийр адыгэ школым щрагъаджэ пэтми, унэм къыщыкIуэжкIэ уэ уемыпсалъэмэ, кьомыпсалъэмэ, щогъупщэж. Абы бзэкIэ сэрэ и анэшхуэмрэ адыгэбзэкIэ фIэкIа депсалъэркъым. Зыгуэр хуей хъумэ, хьэрыпыбзэкIэ къыджиIэмэ, хуэтщIэркъым. Зэхэдмыщ1ыкI хуэдэу зыдощI, адыгэбзэкIэ жиIэхукIэ. ИщIэ-имыщIэми, адыгэбзэкIэ жыдогъэIэ щымыгъупщэнкъым, хуэшэрыуэ хъуным щхьакIэ. Уотхъэж сабий цIыкIуэр адыгэбзэкIэ псалъэу щызэхэпхьи и деж. Хьыджэбз цIыкIум Данэ фIащащ. НэхъыщIэрэ унагъуэщ, зэкIэ бын иIэкъым. Аращ ди унагъуэкIэ дызэрыхъур.

Къэрал узыншэм ущыпсэуну нэхъ тыншщ

- Амман адыгэхэр щыдыхьам къаэзм щхьэ телъу унэ дэтащкъым. 1878 гъэм Амман япэу шапсыгъэр къыдыкъащ. Зыльыхъуэр псы нэхъ здэщIэ щIыпIэт. Амман къуэладжэм псышхуэ щджэхырт, псынэхэр лъэныкъуитIымкIэ къыщыщIэжу. Арати, псы Iуфэхэм пэмыжыжьэу щыт мывэ унэ ныкъуэкъутэхэм щIэтIысхьахэщ. Урымым и зэманым стадион джэгупIэм тIысыпIэ хуащIахэм я лъабжьэ нэщIхэращ япэу егъэзыпIэ яхуэхъуар. Япэу Амман адыгэ унэ дэзыщIыхьар шапсыгъэращ. ИтIанэ, илъэситI дэкIа нэужь, къэбэрдеихэр къэкIуащ, кьыкIэлъыкIуэу бжьэдыгъухэр, кьинэмыщI кавказ лъэпкъхэр. А зэманым Иорданыр къэралыгъэ щхьэхуэу иджыри щыттэхьым, пащтыхьи иIэтэхьым, Тыркум и зэмант. Тыркухэр дэкIыжри, япэрей унафэщIу ягъуэта пащтыхь Iэбдэлла тахтъэм тетIысхьи щыхъум, дэIэпыкъуэгъу нэхъ хуэхъуари хэкум кьизышари адыгэхэращ. Адыгэ фащэкIэ хуэпахэу, шухэу кIуэхэри къашащ. Абдежым кьыщыщIэдзауэ Иордан пащтыхьхэм адыгэр яутIыпщкъым. Къралыгъуэм IэнатIэ лъагэу адыгэм щимыбыда къэнакъым, кIуэ, пащтыхьу тетакъым жумыIэмэ. Апхуэдэу фIыуэ дыкъалъагъуэу, дэри фIыуэ тлъагъуэху дызыхэсхэм дахэу дадогъуэгурыкIуэ, езыхэри дахэу кьыддокIуэкI. Ди хабзэ ящIащ, я хабзэ тщIащ, ди хъыджэбз куэд хьэрыпхэм ящащ, дэри ди бынхэм къашащ. Си фIэщ хъуркъым дэнэкIи щыIэ адыгэр ди деж зэрыщыпсэум хуэдэу зыщIыпIэ щыпсэууэ. Хуитыныгъэ диIэу дахэу допсэу. Пащтыхь къэс, хэт кьытемыувами, адыгэ фащэкIэ хуэпауэ гуп кьыбгъэдэтщ. Нобэ «цырхъ» жиIэу тхьэмадэм макъ зэхихмэ, япэу бжэр Iуэзыхьу щIэлъэдэнур адыгэ щIалэхэращ, апхуэдизу дзыхь кьытхуащIу дыщытщи.



Къардэн Самир

„Адыгэ псалъэм" и хьэщIэщым

Къудащ Елбэздыкъуэ и цIэр зэрехьэ

● Гуфlэгъуэ зэlущlэ

Налшык дэт 14-нэ гимназием зэIущIэ щекIуэкIащ адыгэ уэзэщIакIуэ цIэрыIуэ, меценат Къудащ Елбэздыкъуэ (Владимир) Къэнэмэт и къуэм и цIэр ежаплэм зэрыфIащам теухуауэ.

МАХУЭР уэфIу, дыгъэпсу ирихьэлIэри, ежаплэм и пащIантIэм щекIуэкIащ Iуэхур. ЗэIущIэм зыкъраГъэхьэлIащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым я лIыкIуэхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, Къудащым и блатъхэмрэ и Iыхьлыхэмрэ, тхыдэджэхэм, егъэджакIуэхэмрэ ежакIуэхэмрэ, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м и Гимныр къеуа нэужь, зэIущIэр къызэIуихащ ежаплэм и унафэщI **Жамборэ Риммэ**.

- Адыгэ уэзщIакIуэ цIэрыIуэ Къудащ Елбэздыкъуэ и цIэр ди ежаплэм зэрызэрихьэнур ди дежкIэ гуапэщ икIи щIыхьщ. Ар адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэщ, хэкупсэу, цIыху пэжу дунейм тетащ. Къудащым къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым зэрыхуэфащэм и щIыхьэщ «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр» и IэдакъэщIэкI гъэзэджэр. Абы дэ Iэмал кьыдитащ ди тхыдэм дриплъэжыну. Тхылъым и пщIэр сыт хуэдэ зэманми кIуэдынукъым. Ар сэбэп къахуохьу тхыдэджэхэм, музейм и лэжьакIуэхэм, егъэджакIуэхэмрэ ежакIуэхэмрэ.

Жамборэ Риммэ мы Iуэху дахэр къадзыIэтыну кьрихьэлIа псоми фIыщIэ яхуищIащ.

Адэкlэ псалъэ иратащ Налшык щыпIэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым и унафэщI **Ачмыз Светланэ**. Ар къеджащ Налшык щыпIэ администрацэм и унафэщым школым Къудащ Елбэздыкъуэ и цIэр фIэщыным теухуауэ кьыдигъэкIа унафэм икIи ежаплэм ехъулIэныгъэхэр иIэну екъуэхуащ.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым тхыдэмкIэ и щIэныгъэлI Iэзэ **Опрышкэ Олег** къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Къудащым и гъащIэмрэ и лэжьыгъэ купщIафIэхэмрэ, лъэпкым, къэралым яхуищIэфам.

- Мыпхуэдэ Iуэху дахэр кьыхэзыльхьахэми ар пхыгъэкIыным зи гуащIэрэ къаруру тезыгъэкIуэдахэми фIыщIэшхуэ яхуэощ, - жиIащ КъБКъУ-м и ректор **Къэрэмырзэ Барэсбий**. - Сэ сощIэж 1960 гъэкIэм адыгэ уэзщIакIуэхэм ятепсэльыхьыну е ятетхыхыну куэд тегушхуэу зэрыщымытар. Иджыпсту зэманыр нэгъуэщIщ. Дэ Iэмал диIэщ ди тхыдэр зыхуэдэр къэтхутэну. Илъэс кIуам налуэ къэтщIыфащ Къудащым и хьэдэр зыщIэлъ щIыпIэмрэ абы щыхьэт техъуэ тхылъымпIэхэмрэ. Сэ къыызэслъытэмкIэ, Iуэху щхьэпэ хьунут Къудащ Елбэздыкъуэ теуха тхыгъэхэмрэ хьыбархэмрэ зэхуахьэсу, плIанэпэ мы ежаплэм и пэшхэм ящыщ зым къыщызэIуахамэ. ЛъэпкъыпI щэджащэм и цIэр зезыхьэ ежаплэм и гъэсэнхэм сынывохъуэхъу республикэм, къэралым яхуэфащэ цIыху дэтхэнэ зыми къыфхэкIыну, зыкъуэщIыну.

Ежаплэм и зэгухэныгъэм хэт Темыркъан Астемыр щыдащ Къудащ Елбэздыкъуэ и къуэрылъху Къудащ Александр, Канадэм щыпсэу и шыпхъурылъху Мэртазэ Аслъэн сымэ мы Iуэхум теухуауэ къыгъэхьа тхыгъэхэм. Абыхэм ярытт апхуэдэ Iуэху дахэ къыззрыхалъхьар зэрагуапэр икIи фIыщIэ хуащIырт абы зи гуащIэ хэлъ псоми.

Адэкlэ фэеплъ пхъэбгъум и тепхъуэр трахащ мы Iуэхум жыджэру яужь итахэу ХьэтIохъуощкъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и хасащхьэм хэт, егъэджакIуэ **Багъ Марьям**, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым и архив къудамэм и унафэщI **Шэпар ХьэIишэт**, **Темыркъан Астемыр** сымэ. Фэеплъым егъэджакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ удэ гъэгъахэр тралъхьащ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр щекIуэкIащ ежаплэм и зыкъэгъэльэгъуэлIэ пэшым. Абдеж сабийхэм налуэ щытщащIащ адыгэ уэзщIакIуэ цIэрыIуэм и гъащIэмрэ и кьеIуэкIыкIамрэ фIыуэ зэращIэр, усэхэм кьеджащ, уэрэдэхэр жаIащ, кьэфащ, теплъэгъуэ хьэлэмэтэхэр ягъэлъэгъуащ. Кьудащым и гъащIэм щыщ хъьбар хьэлэмэтэхэм дышцагъэзгъэзащ. Зэхьыхьэ щIэщыгъуэ икIи гукъинэжэ ящыхъуащ абы къярихьэлIахэм. Ар и фIыщIэщ школым и унафэщым егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмкIэ и кьуэдзэ **Власовэ Ларисэрэ** егъэджакIуэ гумызагъэхэмрэ.

ЗэIущIэм и кIэм Шэпар ХьэIишэт егъаплэм тыгъэ яхуищIащ хьэрычэтыщIэ Нэгуэр Хьэмидбий школ библиотекэм папщIэ кьриГъэхьа сурэтышхуэмрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым къыбгъэдэкI тхылъхэмрэ икIи ныбжьыщIэхэм ехъэхъуащ Къудащым хуэфэщэн цIыху къаэкIыну.

ТАБЫIЩ Динарэ.

Сурэтхэр **Свириденкэ Татьянэ** *трихащ.*

Накъыгъэ мазэм къыфоплъэхэр

Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым цIыхухэм щахуэзэ ебгъэблэгъапIэ щолажьэ. Ар къыщIызэрагъэпэщам и мыхьэнэ нэхъыщхьэр хабзэхъумэ IэнатIэкIэрэ жылагъуэмрэ я зэпыщIэныгъэр егъэфIэкIуэнырщ.

ЖЫЛАГЪУЭ советым хэтхэр Налшык къалэ, Тепличнэ уэрамдэкI, 2 хэщIапIэм гъубж къэс сыхьэти 10 щыщIэдзауэ 14 пщIондэ цIыхухэм щахуозэ:

накъыгъэм и 6-м - Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Тхьэзэплъ Хьэсэн, Васин Олег;

накъыгъэм и 13-м - Хьэмырзэ Хьэзрэталий, Къэжэр Сафудин;

накъыгъэм и 20-м - Жылагъуэ советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Атабиев Алий, Демьяненкэ Эдуард;

накъыгъэм и 27-м - Додуев Аскэр, Пщыбий Светланэ.

Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэ.

ЦІырэ-цІырэри, къуршхэри, бгыхэри

• Гъэлъэгъуэныгъэхэр



Ди зэманым сурэт тезыхыр куэдщ, ауэ я нэхъ къызэрыгуэкІми зы тельыджэ хэзыльагъуэу я дакъикъэр къэзыгъэувыІэфыр мащІэщ. СурэтыщІхэм я Іэдакъэщ ІэкІхэм екъэехуэнущ Вэрокъуэ Зауррэ Лукьяненкэ Иванрэ трах сурэтхэр. Абыхэм я лэжьыгъэхэр щагъэльагъуэ СурэтыщІ гъэзджэмкІэ музейм иджыблагъэ дыщыІащ, Сурэттеххэм къызэрыхагъэщауэ, ильэсипщІ и пкІэ мурад ящІауэ щыта мы выставкэр езыхэми абы епльыну къекІуэлІахэми я дежкІэ гуапэ дыдэ хъуат.

ВЭРОКЪУЭ Заур тэлайкІэ узыІыгъ теплъэгъуэщ. Апхуэдэ Іэзагъэ дэнэ кърихрэ Вэрокъуэ Заур, жьыпІэну мыбдеж къезэгъыу къыщІэкІынкъым, сыту жыпІэмэ ар мы зэманым ирихьэлІэу сурэт текІынымкІэ зи зэфІэкІыр жыру зыгъэжьжа лэжьакІуэлІщи. Вэрокъуэр УФ-м и фотохудожникхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, сурэт альбому щы къыдигъэкІащ, езым и сурэттгъэльагъуэу 11 къызэригъэпэщагъэхэхэщ. Полицэм и полковник щІалэм и зэчийр цІыхухэм ягъэщІагъэуэми, къагуроІуэ ІэщІагъэр псэм хэльмэ, абы куэдым уэзрыхунигъэсыр.

Музеим и етІуанэ пэшым щІагъэзагъа лэжьыгъэхэм къищыр ди щІыуэпсырщ: гъуэгуэкэр, лъагъуэкэр, бгыхэр, псыхэр. Ауэ ахэр иджы щхъуэжІэпльыкІэщ, зи Іэдакъэщ ІэкІри етІуанэ сурэттехырщ - Лукьяненкэ Иванщ. Ар Налшык къыщыхъащ, илъэси 7 ныбжьым ити сурэт техыным дихьэхащ. Къыхэгъэщипхъэщ абы Ткаченкэ Андрейрэ (дызыщІэт музейм и цІэр зыфІащыжар) Пономарёв Эдуардрэ я гупжьейхэм зыщигъасэу зэрыщытар. 1985 гъэм къыщыублагъэуэ Лукьяненкэ сурэт техынымкІэ нэхъ Іэзэхэм ящыщ хъуащ. 2005 гъэм абы къызэригъэпэщащ «Свой стиль» фотоклубыр. Иван и Іэдакъэщ ІэкІхэр нэхъ ипэкІэ щигъэльэгъуа и выставкэхэм хуэдэу, мыгъэрейми кьытхуэзэуихащ лъагапІэ ди мынэІуасэхэр, кърш, лъэмыж хьэлэмэтхэр.

Щхьэхуэу утепсэлъыхь хъунущ мы сурэттехым музейм и ещанэ пэшым щызэхуихьэса и сурэтхэм. ЦІырэ-цІырэм и щІыфэм иІэ дэтхэнэ ІэпапІэри пльагъуу, бгэри гъунэгъу дыдэу, бэдж, бжьэ, шы зэмыфагъу-зэмылІэужьыгъуэхэр - сыт хуэдэу дахэу я нэхъ мылъагъуГуаФІэри (псалъэм папщІэ, блэр) къэгъэльэгъуа!

ЦІыхухэм яхэтщ сурэт темыкІыу къэзылъытэ. Лукьяненкэ Иван сурэт зытрихахэм апхуэдэ гукъанэ зыщІыжьин къахэкІыу къыщІэкІынухьыж. Ар жыгІэным дытезыгъэгушхуэр пщащэ зыбжанэм я сурэту мы гъэльэгъуэныгъэм щытлъэгъуарщ. Нобэрей хъыджэбзым и теплъэр къыщигъэльэгъуэкІи, лъэпкъ фащэрэ хабзэрэ дэпльагъуу, ди нэгум абы къыщІигъэувэри дахагъэм и нэщэнэщ.

Лукьяненкэ Иван и къуэхьыр инщ: гупсысэ щІэгъэпщкІуарэ щэхуэрэ яхэльу абы сурэт трехиф къумым ебгъэщхьыну губгъуэм ит пхъэдакъэ закъуэм, гуэл псом зи закъуэу кьытена фІэкІ умыщІэну кхъуафэжьейм, дэп мафІэм, нэгъуэщІхэми. ИтІанэми, выставкэр зэзыгъэльэгъуахэм ящыщ Хьэхъупащ Іэ Лидэ (Гъуэзджэхэмкі Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и студентка) а псом щыщу нэхъ дэзыхьэхар унэбзу цІыкІу закъуэ зэрыт сурэтырт. «Акъужь кьабзэм, уэс щІыІэтыІэм я «мэ» занщІэу къысщІихьащ, сурэтым сызэрыГупльэу. Бзу цІыкІум и гуапагъэр-щэ?! Си пэшым фІэльыну сехъуэпсащ, сурэтым», - жеІэ хъыджэбзым.

Зы Іуэхум зэришалІэми, зи гугъу тщІы сурэттехитІым я лэжьыгъэ къэІуэтэкІэр зэщхькъым, дэтхэнэми епльыкІэ щІэщыгъуэ гуэр иІэщ.

«Сурэт тетхрэ нэхъыфІ ар зэрыхъуным сыт щыгъуи дыхущІэкъуу, театр дыщыджэгурэ - ди льэпкъым и хъуГуэфІыгъуэр дгъэльагъуэу, цІыхухэр дгъэхъужрэ - дохутыр нэхъ Іэзэ къызэрытхэкІым цыпсэухэр», - жеІэ Вэрокъуэ Заур, сурэттеххэм я лэжьыгъэм щІэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр къыщИуатэкІэ.

Килограмми 140-рэ зи хьэлъагъ гупым хэту штангэр зыгъэІурыщІахэм я деж адыгэ пелуаным килограмм 260-рэ къыщиІэтащ икІи япэ увыпІэр зыІэригъэхьащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

• Хъуэхъу

АдыгэлІ нэс

Налшык къалэ и «Искож» хьэблэм щыпсэу, илъэс щэ ныкъуэкІэ зы ІэнатІэм пэрыта, зи лэжьыгъэ гъуэгуанэр щІыхьрэ пщІэкІэ гъэнщІа, зи сабиигъуэр Хэку зэушхуэм и лъэхъэнэм хиубыда Къущхьэ Хьалид и ныбжьыр накъыгъэм 3-м илъэс 75-рэ ирокъури, дохъуэхъу.

ПщІэ зыхуэтщІ ныбжьэгъуфІым узыншагъэ уиІэу, уи дунейр махуэ къэс щІэщыгъуэ пщыхъуу, гуауэм упэІэщІэу, берычэтыр уи Іэнэгуу, гуфІэгъуэр уи куэду, дэрэжэгъуэ къозыт, уи лъэр щІэзыгъэкІ уи куэрылъхухэм я насыпым уригушхуэу гъащІэм гу щыпхуэмэ, ди гуапэщи, илъэсищэ жьыщхьэ махуэм Тхьэм унигъэс!

ГУЭНГЪЭПЩ Хьэсэнбий.
Шэджэм ЕтІуанэ къуажэ.

• Пауэрлифтинг

Пелуан щыпкъэ Къущхьэ Аслъэнбэч

ПауэрлифтингымкІэ Евразием и VIII чемпионатым, Краснодар къалэм мэлыжьыхьым и 17 - 20-хэм щекІуэкІам, КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и батальон щхьэхуэм и инспектор, полицэм и лейтенант, спортымкІэ дунейпсо классым и мастер Къущхьэ Аслъэнбэч щытекІуащ.

Килограмми 140-рэ зи хьэлъагъ гупым хэту штангэр зыгъэІурыщІахэм я деж адыгэ пелуаным килограмм 260-рэ къыщиІэтащ икІи япэ увыпІэр зыІэригъэхьащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Накъыгъэм екІуэкІыну зэІущІэхэр

• Футбол

Урысей Федерацэм и япэ дивизион

ЩэщІрэ еханэ джэгуГуэ

Накъыгъэм и 5
(блыщхьэ)

«Ангушт» (Нэзрэн) - «Уфа» (Уфа)
«Нефтехимик» (Нижнекамск) - «Химик» (Дзержинск)
«Алания» (Владикавказ) - «Шинник» (Ярославль)
«Балтика» (Калининград) - «СКА-Энергия» (Хабаровск)
«Луч-Энергия» (Владивосток) - «Енисей» (Красноярск)
«Салют» (Белгород) - «Сибирь» (Новосибирск)
«Ротор» (Волгоград) - «Динамо» (Санкт-Петербург)
«Торпедо» (Мэзкуу) - «Мордовия» (Саранск)
«Арсенал» (Тулэ) - **«Спартак-Налшык»** (Налшык)

ЩэщІрэ ебланэ джэгуГуэ

Накъыгъэм и 11
(тхьэмахуэ)

«Мордовия» - «Арсенал»
«Сибирь» - «Ротор»
«Енисей» - «Салют»
«СКА-Энергия» - «Луч-Энергия»
«Газовик» (Оренбург) - «Балтика»
«Уфа» - «Нефтехимик»
«Химик» - «Алания»
«Спартак-Налшык» - «Ангушт»
«Химик» - «Шинник» (щэщІрэ етІуанэ джэгуГуэм щыщщ)

Накъыгъэм и 12
(блыщхьэ)

«Динамо» - «Торпедо»

ЩэщІрэ еянэ джэгуГуэ

Накъыгъэм и 15
(махуэку)

«Нефтехимик» - «Ангушт»
«Алания» - «Уфа»
«Балтика» - «Шинник»
«Луч-Энергия» - «Газовик»
«Салют» - «СКА-Энергия»
«Ротор» - «Енисей»
«Торпедо» - «Сибирь»
«Арсенал» - «Динамо»
«Спартак-Налшык» - «Мордовия»

Гу зылъытапхъэ: Зэхьэзэхуэм хэкІыжа Владикавказ и «Алания»-мрэ Белгород и «Салют»-мрэ адэкІэ хьэрхуэрэгъу яхуэхьунухэр 3:0-у текІуауэ ябжьынщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуп нэхъыщхьэ

Еханэ джэгуГуэ

Накъыгъэм и 3
(щэбэт)

«Бедик» (Аргудан) - «Шэджэм-2» (Шэджэм ЕтІуанэ)
«Іэдииху» (Іэдииху) - «Къэхъун» (Къэхъун)
«Союз» (Налшык) - «Автозапчасть» (Бахъсэн)
«Бахъсэн» (Бахъсэн) - «Кэнжэ» (Кэнжэ)

Накъыгъэм и 4
(тхьэмахуэ)

«Анзорей» (Анзорей) - «Къэбэрдей» (Шэрэдж Ищхьэрэ)
«Нарт» (Нарткъалэ) - «Велес» (Къэрэгъэш)
«ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Спартак-Д» (Налшык)
«Шагъдий» (Зеикъуэ) - «Прохладнэ» (Прохладнэ)

Накъыгъэм и 7
(бзэжьей)

«Шэджэм-2» - «Тэрч» (Тэрч)

Афэрым, ныбжьыщІэхэ!

• Гъэзджэ



Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и утыкум махуитІкІэ щекІуэкІащ уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэхэм я «Иджырей щІэблэ» республикэ зэхьэзэхуэр. Абы щытекІуэхэм, и лауреат хъуахэм я гала-концертым цІыхухэр зэхуищэсат тхьэмахуэ махуэм.

ЗИ ЗЭФІЭКІ зыгъэлъагъуэ ныбжьыщІэхэми, абыхэм я адэ-анэхэми, ахэр гъэсэным жэщ-махуэ ямыІэу пэрыт егъэджакІуэхэми кьафэ дахэкІэ ехьэхъуу зэІущІэр къыщІэуІащ щапхъэ зытрах «Кавказ» сабий цІыхубэ ансамбІым хэтхэм. ЗэІущІэм кърихьэлІахэми абы и лэжьыгъэм зыгуэркІэ хэувахэми фІыщІэ хуащІа иужь, утыкум кьрагъэблагъащ уэрэджыІакІуэхэм я гъэсакІуэхэр, республикэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ щыІэ гъэзджэхэмкІэ сабий школхэм я егъэджакІуэхэр. Налшык кьалэ администрацэм и Іэщ Іагъэлі нэхъыщхьэ Мыкъуэжь Муратрэ Гъэзджэхэмкіэ сабий школ №1-м и унафэщІ Темырканэ Людмилэрэ абыхэм ехьэхъури, щІыхь тхьылъхэр иратыжащ.

Зэпеуэм хэтахэм, я макъ лІэужьыгъуэ ельытауэ, («ЦІыхубэ уэрэд жьыкІэ», «Эстрадэ», нэгъуэщІ Іыхьэхэми) я зэфІэкІ яГъэлъэгъащ, абыхэм ящыщу нэхъыфІу кьалъытахэр пшыхьым щагъэлъэпІащ, я ехьулІэныгъэм и щІыхьэтуи саугъэтхэр иратащ. Артист нэсу зыкъызэригъэлъэгъуам, кІэлъыплъакІуэхэм гукъинэж зэращыхъуам, псоми къьхэщу кьызэралыТам, нэгъуэщІхэми щхьэкІэ саугъэт, дамыгъэ щхьэхуэхэр ятащ. ЖыпІэнуракъэ, гупыитэнщэу (щІыхуи кьагъэнакъым, япэ увыпІэхэр зыльымысахэм я зэфІэкІыр абы зрыхэтам щІыхьэт техьуэ тхьылъхэмкІэ кьалъытащ.

Апхуэдэу пшыхьыр я макъ лъэщхэмкІэ ягъэдзащ зэпеуэм, етІуанэ, ещанэ саугъэтхэм я лауреат хъуахэу Пасканль Миланэ, Безрокъуэ Руслан, Бэрбэч Амырхъан, ШкІэжь Бесльэн, Уэрсей Аллэ, Антиповэ Айзэ, нэгъуэщІхэми. Къэпщытакіуэ гупым хэтахэр зэрымытыншар наІуэ пщащІырт уэрэджыІакІуэ къэс. «НэхъыфІыр дауэ ягъэнэІуэфа?» жыпІэ апхуэдэт абыхэм я уэрэд жьыкІэр. Я утыку итыкІэмкІэ артист балигъэхэм ехьэехуэрт, я макъым и лъэщагъымкІэ утыкушхуэм ихьэми уаззрытемыукІытыхьынур хьэкъ пщащІырт сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ. Зэпеуэм хэтауэ, увыпІэ кьыщащхьами иужькІэ ехьулІэныгъэкІэ щыгугъыу кьыхагъэщхьэхуКІами цІыхуищэм нэблагъэнт зи зэфІэкІ зыгъэльэгъуарэ, дэтхэнэми гулъытэ зыгъэгъэ хуэфащэт, гъуазджэм хэлъхьэныгъэ хуэзымыщІыфрым яхэтуи кьыпщыхъуртэкъым.

Афэрым, республикэм и иджырей щІэблэ, афэрым, ныбжьыщІэхэ! Фи зэфІэкІкІэ дяпэкІи дывгъэгуфІэну дыфщогугъ!

ИСТЭПАН Залинэ.







Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



«Зауэм и бынхэм» ятеухуауэ

• Зэпеуэ

«Зауэм и бынхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэмрэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэмрэ «Зауэм и бынхэр - журналистхэм я нэхІэ» зэпеуэр ирагъэкІуэкІ. Зэпеуэмкіэ я мурадщ республикэм и цІыхуухэу зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдахэр я кьару емыблэжу зэрыльэжьар кьагъэлъэгъуэну.

Зэпеуэм хэтыну гупыжь щыІэм 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м и пэ абы зэрыхэтынум щыхьэт техьуэ тхыгъэ кьэпщытакІуэ гупым хурагъэхьын хуейщ. Абы кьыщыгъэльэгъуапхъэщ зэпеуэм хагъэхьэ Іэдакъэщ Іэкіыр зытет газетым е журналым и фІэщыгъэр, ар кьыщытехуа махуэр, теленэтынмэ - кьыщагъэльэгъуэ зэманыр гъэнэІуэн хуейщ. ДащІыІатыгъэ хуейщ аннотацІэ, зытхам и биографие кІэщІ, и телефоныр. Зэпеуэм хагъэхьэну тхыгъэр е теленэтыныр 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ, мэкъуауэгъуэм и 1 щІэондэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм щагъэлъэгъууэ щытыпхъэщ. Тхыгъэхэр - кьыхэгъэжауэ, теленэтынхэр - дискым тету, радионэтынхэр - егъэтхауэ егъэхьын хуейщ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм (Налшык кьалэ, Лениным и уэрам 5, 5-нэ кьат, 507-нэ пэщ).

Зэпеуэм щытекІуэхэр кьыхахьынущ къэпщытакІуэ гупым хэтынухэм. Абыхэм папщІэ яубыхуащ ахъшэ саугъэтхэр: текІуэныгъэ кьэзыхьхэм - сом мин тхурытху, етІуанэ увыпІэ зыхуагъэфащэхэм сом мин щырыщ, апхуэдэуи тезыгъэгушхуэ саугъэтхэри щыІэнущ. Ялпэ, етІуанэ увыпІэхэр зыхуагъэфэщэнур зы цІыхукъым, атІэ щырыщ кьыхахьынщ.

ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.

Ди газетым и къыкІэльыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур накъыгъэм и 6-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, ЩэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЦІхьэщэмыщІ Изэ.

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щихабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм ящу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту яхэтщ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ,

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахащ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элиз, редакторыу Ўэрдокъуэ Женя, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1, 4, 6-нэ)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3, 5-нэ)*, *корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатІимэ.** *Компьютерклэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианиз,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.687 ● Заказ №844